



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ WHITMER MANDE ANKÈT SIVEYANS KONGRÈ A NAN POLITIZASYON REPONS KONT PANDEMI ADMINISTRASYON TRUMP LAN FÈ A

*Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Michigan lan, Gretchen Whitmer te pibliye jodi a deklarasyon annapre a ki mande yon ankèt siveyans Kongrè a nan politizasyon fonksyon gouvènman yo ke administrasyon lan Trump fè a, sa ki te anpeche repons peyi a kont pandemi COVID-19 la:*

"Se yon done endiskitab ke Etazini genyen pi move repons kont viris COVID-19 la sou tout nasyon ki nan monn lan. Prèske 7 milyon ameriken te teste pozitif pou viris la, epi li te touye plis pase 200,000 ameriken -- toude plis pase kèlkeswa lòt peyi. Dimansyon san presedan ak inakseptab trajedi sa a se rezilta dirèk twonpri, tranzaksyon politik entèrese, ak enkonpetans.

Olye li tande konsèy ak enstriksyon ekspè sante piblik ak fonksyonè piblik de karyè yo, Prezidan Trump te mete de preferans sante ak sekirite pèp ameriken an nan men moun politik yo nome ki te gen kòm premye priyorite garanti re-eleksyon byenfetè yo a, avèk rezilta trajik ki previzib.

Semèn pase a ke Mezon Blanch (White House) lan te bloke yon plan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) la pou itilize Sèvis Lapòs Etazini (U.S. Postal Service, USPS) an pou voye senk mask ki ka sove lavi bay chak fanmi nan peyi a, gratis, an avril la te boulvans. Imajine kantite lavi ki te kapab sove si yo te bay chak fanmi mask yo nan yon moman ki sitèlman enpòtan konsa.

Menm pi danjere ankò, nasyon an te aprann semèn pase a ke moun politik yo nome yo nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an -- malgre gwo objeksyon syantifik Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Center for Disease Control and Prevention, CDC) a -- te pibliye yon enstriksyon enjistifyab ki te di ke moun ki pa gen sentòm yo pa te bezwen fè tès pou COVID-19. Ansanm avèk ranvèsman brital ajans lan pi bonè semèn sa a sou direktiv ki gen rapò ak transmisyon viris la nan lè a, li klè chak jou pi plis ke Prezidan an ak konseye li yo ap eseye detèmine kredibilite ekspè yo ke done yo a te ale kont ajanda politik administrasyon an.

Kòm yon peyi, nou pa kapab pèmèt tip pwosesis desizyon ki gen motivasyon politik sa yo pran rasin. Lojik endike ke COVID pap dènye defi sante piblik nou pral fè fas, epi nou pa kapab aksepte pou nou reponn ankò nan fè jwèt politik, olye pou nou koute lasyans

ak done yo. Kongrè a dwe imedyatman reyalize yon ankèt siveyans sou repons administrasyon Trump lan kont pandemi sa a, gen ladan mezi HHS ak USPS yo ke piblik la te aprann nan semèn pase a yo. Espesyalman gras ak limyè repòtaj Bob Woodward la, kesyon, 'Kisa yo te konnen ak kilè yo te konnen sa?' pa ka rete pou liv istwa yo reponn.

Sekirite sante ak ekonomik nou depann de jan nou rann administrasyon Trump lan responsab jodi a".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)